

# Rapò sou pwogrè sitiyasyon an an Ayiti pou 2010

[www.oxfam.org](http://www.oxfam.org)

 **Oxfam**

Jounen 12 Janvye a, Oxfam  
pral onore memwa kolèg nou yo ki pati kite nou,  
Pierre Amédée Marescot ak Aurelus Auguste



## Avanpwopo

Dat 12 Janvyè 2010 an se yon jou Oxfam pral sonje pandan lontan. Yon gwo tranblemanntè te frape youn nan zòn ki pi peple nan peyi ki pi pòv nan emisfè lwès la. Operasyon pou pote sekou aprè dezast sa a konte pami pi gwo repons Oxfam te ka janm bay nan mitan gwo dega ak defi lojistik grav ke nou pat janm kontrekare anvan

Popilasyon nan lòt peyi te bay gwo sipò pou ede peyi Dayiti. Jefò Oxfam te fè pou l jwenn fon ansanm ak reaksyon ki sot nan fon kè tout moun nan lemonn te pèmèt nou rive jwenn 98 milyon dola ameriken pou n pote sekou bay moun yo.

Malgre yo te pèdi pwòch yo ansanm ak byen yo, ekip nou an ki an Ayiti te travay chak jou pou yo ede viktim yo depi premye jou an epi te kontinye travay pandan tout lane 2010 lan ki te chaje ak defi. Nan premye semèn nan, yo te distribye prela ak zouti bay moun nan lari yo. Yo te travay ansanm avèk DINEPA (Direksyon Nasyonal pou Livrezon Dlo ak Asenisman) pou òganize livrezon kamyon dlo ki te pote dlo bay 10,000 moun nan youn nan pi gwo kan yo.

Aprè kèk semèn, nou te tabli yon sistèm lojistik ki te pèmèt nou pote ekipman sot nan peyi vwazen, Sendomeng, pou nou mete yo nan depo nou te genyen Pòtoprens. Distans pou mwa Mas lan te fini, nou te gentan ede 180,000 moun nan kapital lan kote enstalasyonabri pwovizwa ak asenisman te youn nan pi gwo defi pou nou paske li gen twòp moun k ap viv ladann. Jounen jodia – 12 mwa aprè –nou rive touche 500,000 moun ak aktivite pou reponn a tranblemanntè a epi nou gen je nou fikse sou yon lòt 700,000 pou n ede nan aktivite pou sove lavi moun ak aktivite prevansyon kolera.

Pa gen mwayen pou pèp Ayisyen ni leta ni ajans imanité yo retire kò yo devan gwo defi k ap tann peyi a. Oxfam ansanm ak lòt ajans imanité yo ap kontinye fè anpil jefò pou ede moun yo nan sikonstans sa yo - men n ap ka rive fè sa vrèman lè peyi an ta vin pi estab, konsa moun yo ap rive benefisyè bon jan sèvis piblik yo bezwen pou yo rekanpe tout bon. Tout moun k ap viv oswa k ap travay nan peyi a depann de aksyon leta pral deside pran yo, ak pil sipò donatè bilateral ak multilateral yo, pou rebati peyi sa a ki fin kraze.

Tranblemanntè ki te frape Ayiti an pral rete nan listwa kòm youn nan pi gwo dezas natirèl nan syèk sa.a. Zafè travay nan yon peyi ki pa gen espas, ki plen dekonb epi ki gen yon enfrastrikti domaje rete yon defi yo ka preske di ensimontab. Men mwen kapab di ak fyète Oxfam ansanm ak lòt ajans yo te konbat defi sa yo. Nou te adapte nou epi jwenn lòt apwòch nan eseye, teste pou n travay nan nouvo zòn yo. Nou menm ansanm avèk asosye nou epi anplwaye Ayisyen yo te jwenn fòs nan kapasite nou pou n konbat defi yo epi rive jwenn solisyon orijinal.



Moun k ap viv Pòtoprens jwenn yon sòti pami batiman ki tonbe yo ki te plen lari vil lan aprè tranblemanntè an.

Photo: Jorge Silva, Reuters

**Mwen ta renmen remèsye tout moun ki te fè don ak tout kè yo, sa ki te rann repons imanitè nou an posib pandan lane ki sot pase a. Ansanm, nou reyalize anpil bagay men nou gen anpil defi k ap tann nou toujou pandan n ap antre nan lane 2011 lan.**

Jeremy Hobbs,  
Direktè Egzekitif, Oxfam International

## Entwodiksyon

Menm anvan tranblemanntè 12 Janvye 2010 an, Ayiti te youn nan peyi ki te pi pòv nan emisfè lwès la ke Pwogram Devlopman Nasyonzini an te mete nan ran 50e peyi ki pi pòv nan monn lan (2009). Sa vle di, lavi an te deja di pou anpil fanmi. Aprè tranblemanntè an fin pase, bagay yo vin pi mal toujou. Se youn nan pi gwo tranblemanntè Ayiti te sibi nan 200 an ki sot pase la yo.

Nan kapital la ki se Pòtoprens, 86 pousan nan de milyon rezidanki t ap viv nan bidonvil ki pat gen kote pou mete moun epi kote moun pat jwenn dlo pwòp ak asenisman fasil. Fanm yo, akoz yo te gen pitit oswa paske se yo ki te pou okipe kay yo, te pase anpil mizè. Yo te pi ekspoze a vyolans ak menas, yon bagay ki rive souvan nan bidonvil sa yo.

Tranblemanntè a touye plis pase 220,000 moun epi blese plis pase 300,000 moun. Li kite plis pase yon milyon moun san kay - anpil nan moun sa yo toujou twomatize epi ap viv nan tant oswa anba prela. Majorite fanmi sa yo ki viktim nan tranblemanntè an ap viv nan 1,300 kan ki gaye nan Pòtoprens ak nan alantou li kote Oxfam ak lòt ajans yo ap travay.

Gwo kantite moun k ap viv nan kapital la, domaj Pòtoprens sibi ak kantite moun ki pèdi lavi yo vin deranje tout fòm aktivite ekonomik ak fonksyonman detoulèjou peyi a ak Leta.

Materyel sekou ap debake nan vil Sendomeng pou yo transpote yo Pòtoprens. Si nou te mete atè tout prela ajans imanitè ki tap founi abri provizwa yo te bay yo tap rive sot Nouyòk rive Mexico City, Madrid rive Moscow, Bangkok rive Beijing, oswa Nairobi rive Cairo

Photo: Kenny Rae/Oxfam America



## Repons Oxfam

Oxfam, k ap travay nan peyi a depi lane 1978, se youn nan premye ajans ki te vin pote sekou aprè tranblemanntè an. Se konsa pwogram ijans ki te pi gwo, pi konplike nou te ka janm eksperimente an te vin kòmanse nan Oxfam. Menm nan peyi devlope, aprè dezas, sa ka pran kèk lane anvan peyi a reprann li. Nan yon peyi ki te deja ap soufri ak lamizè ki pa gen parèy, enstabilite politik, ak feblès pafwa menm koripsyon nan bwat Leta yo, travay sa te sanble pi difisil toujou.

Apwòch imanité Oxfam nan te baze sou priyorite estratejik sa yo :

- Mete sou pye bon jan kalite pwogram repons ki mache ak pwòp kòd kondwit li ansanm ak estanda imanité entènasyonal yo (ke Sphere tabli<sup>1</sup>);
- Konsantre nou sou zafè teknik - tankou dlo, asenisman ak liyèn - nan zòn kote Oxfam te deja genyen relasyon avèk asosye epi kominote yo;
- Ranfòse kapasite ak resous asosye lokal Oxfam yo sitou sa ki te nan zòn tranblemanntè an te frape;
- Ankouraje kominote yo patisipe nan diskisyon ak desizyon sou kouman pou nou reponn pi byen a bezwen yo;
- Asire ke travay Oxfam lan fèt nan transparans epi nan yon fason ki fasil pou mezire enpak li, yon jan pou kominote yo ak nan sosyete sivil lan santi ke sa k ap fèt la se pa yo.

Plis pase **500,000** moun gentan benefisye nan pwogram repons nou pou tranblemanntè a nan Pòtoprens, Ti Gwav, Gresye, Gran Gwav ak Lewogán kote nou bay dlo, enfrastrikti pou asenisman ak liyèn, abri, manje ak sibvansyon. Kounye a, nou ap fè lòt aktivite pou prevansyon kolera pou menm moun sa yo.

Anplis de sa, Oxfam ap travay ak 700,000 lòt moun an Ayiti nan bay dlo pwòp pou pwoteje lavi moun yo, sewom oral pou reyidratasyon, sèvis asenisman ak enfòmasyon sou liyèn yon fason pou anpeche maladi a gaye nanpeyi a. Lajan pou aktivite sa yo pa soti nan fon ki te bay pou Repons pou Tranblemanntè an Ayiti a.

**Nan moman n ap ekri dokiman sa a, kantite moun nou ap ede an Ayiti avèk pwogram repons pou tranblemanntè a epi pwogram pou prevansyon kolera yo rive jwenn 1.2 milyon moun.**

1 Imanité ak Estanda Minimòm pou Repons Dezas Projè Sphere la - ki ranfòse santiman ke sa k ap fèt la se pa kominote yo ak sosyete sivil la - la pou li endike estanda ak endikatè nan sektè kle tankou dlo, asenisman ak pwomosyon liyèn (WASH); sekirite alimantè, nitrisyon ak ed alimantè; abri, akò pou zafè kay ak lòt bagay ki pa manje; epi tou sèvis sante. Pou plis enfòmasyon, ale sou: <http://www.sphereproject.org>

**Tout Ayisyen ki te benefisye nan pwogram Oxfam pou ane 2010 lan**

Pwogram	Benefisyè
Pwogram Repons Tranblemanntè	500,000
Pwogram prevansyon Kolera	700,000
<b>Pwogram Repons Tranblemanntè + Nouvèl aktivite Oxfam pou prevansyon kolera</b>	<b>1,200,000</b>

Bokit Oxfam ki anpile epi pare pou yon distribsyon kit ijyèn nan Kan Inyon Advantis nan Delma 31.  
 Photo: Jane Beesely/Oxfam





Potòprens ak lòt zòn an Ayiti kote Oxfam ap travay.

## Objektif rapò sa a

Rapò sa a dekri pwogrè Oxfam ansanm avèk asosye l yo gentan fè epi kisa nou prevwa fè nan jou k ap vini yo. N ap fè yon koudèy sou kouman repons nou yo nan kat domèn sa yo:

- 1. Dlo, asenisman, ak liyèn;**
- 2. sekirite alimantè ak mwayen sibzistans;**
- 3. Rebati kominote;**
- 4. Pledwaye ak kanpay.**

Nou vle rapò sa a sèvi zouti ki pou eksplike tout moun, tout gouvènman ak tout lòt enstitisyon ki te kontribye nan fon imanité pou Oxfam lan, asosye, anplwaye ak volontè li yo kisa nou fè avèk sa yo te bay lan. Gen yon seksyon sou zafè finans nan fen rapò sa ki bay yon vizyon global sou kouman nou te jwenn fon yo ansanm ak kouman nou te depanse yo. vides an

Premyèman, Oxfam vle rann kont bay moun l ap chèche fason pou amelyore kondisyon lavi yo a. Nou rete kwè si nou fè plis jefò pou n bay kominote kote n ap travay yo rapò sou aktivite nou, nou ka bati pwogram ki gen pi bon kalite epi ki gen efè ki pi dirab. Nou sèvi ak bon jan mwayen kominikasyon pou n pale avèk fanm ak gason k ap viv nan lamizè epi pou n reponn ak preokipasyon ke yo ta poze nou. Men kèk mezi Oxfam te pran pou asire li founi bon jan rapò bay moun ki travay avè l yo:

- Nou enplike moun k ap viv nan kan yo nan desizyon nou pran epi nou mande yo sa yo panse regilyèman sou travay n ap fè yo. Nan fè evalyasyon tout tan, fè fòmasyon anplwaye nou yo ak fè yo konnen kòd kondwit fomèl nou an, n ap asire ke pwogram nou yo konsekan, ke yo pa gen efè ki pat prevwa sou moun yo epi ke yo respekte prensip ki aksepte nan nivo entènasyonal.
- Nan mwa Mas 2010 la, nou te tabli yon liy telefòn gratis ki pèmèt moun yo kontakte nou nenpòt lè yo vle si yo gen kesyon, enkyetid, demann oswa si yo bezwen bay enfòmasyon. Alèkile, nou resevwa apeprè 300 apèl chak mwa. Nou mete tou bwat sijesyon pou moun kapab depoze lide, demann ak plent yo, konsa tou nou abitye fè diskisyon an gwoup pou nou ka tandè pwoblèm moun yo.
- Nan Kafou Fèy ki se youn nan katye ki te pi afekte pandan tranblemanntè an, n ap travay ansanm avèk yon gwoup reprezantan lokal ki soti nan plizyè gwoup kominotè ak otorite lokal. Yo pale avèk asosye Oxfam ansanm ak moun k ap viv nan kan yo pou yo fè rapò sou pwogrè k ap fèt epi rapòte ofisyèlman tout enkyetid. Komite sa a te jwe yon wòl enpòtan nan rezolisyon konfli ak difikilite.
- Li enpòtan pou tout pwogrè fanm Ayisyèn yo te fè anvan tranblemanntè an – tankou swen espesyal pou fanm ki viktim vyolans ak reprezantasyon vwa fanm yo ni nan politik ni nan sosyete a – kontinye vanse menm aprè tranblemanntè an. Dayè, Oxfam ap travay di pou pwogram repons ak rekonstriksyon li yo sible fanm epi ankouraje fanm dirijan yo.

Nan rapò sa a, lè ou wè nou di “Oxfam”, n ap pale de konfederasyon Oxfam nan an antye ak tout afilye k ap travay an Ayiti sou teren an (Oxfam GB, Intermón, Oxfam Québec ak Oxfam America) ansanm ak lòt afilye Oxfam ak patnè n ap travay avèk yo.



# 1. Dlo, asenisman, ak lijyèn

*Kòm yon aktè kle nan sektè dlo, asenisman ak pwomosyon lijyèn (WASH), Oxfam ap travay pou l asire moun jwenn aksè a dlo potab nan bon kantite. Nou ofri estrikti asenisman pou anpeche ak elimine maladi ki kapab sot nan dlo. Nou fè fomasyon moun pou yo ka vin ajan sante piblik ak lijyèn.*

## Defi

Nan yon repons imanité nòmal, pi bon fason pou pote sekou bay moun yo se pou kan yo ta chita sou yon menm espas jewografik ki laj epi disponib. Sa pral pèmèt moun yo genyen ase espas pou yo viv alèz, anpeche maladi gaye toupatou epi bay Oxfam ase espas pou l bay dlo, asenisman ak lòt sevis ki nesèsè. Sepandan, sa te enposib akòz moun yo ki t ap viv pil sou pil nan Pòtoprens.

Mank asenisman te yon pwoblèm kritik nan yon vil tranblemanntè te fin domaje. Pwoblèm lan te vin pi grav paske Leta ansanm ak tout enstitisyon l yo pat fè anyen pou regle pwoblèm lijyèn piblik lan nan peyi a. Li te nesèsè pou Oxfam bay yon bon jan repons nan domèn sante piblik lan ijan ijan. Paske moun te rete pil sou pil epi pi fò kay te fèt an beton epi sou beton, Oxfam pa t ap ka rive konstrwi latrin ak twalèt demontab bay tout moun. Nou te oblije chèche lòt solisyon. Maladi kolera ki transmèt nan manje ak dlo ki kontamine te parèt yon lòt gwo defi epi yon menas imedyà pou anpil moun<sup>2</sup>

Yon pwogram edikasyon te fèt nan senk jou selman nan kan Petionville Golf Club lan 19 Novanm 2010. nou ka konbat Maladi an(nan imaj vèt lan ki agoch ) avek savon(imaj jòn ki nan mitan) ak dlo(imaj ble ki adwat lan).

Photo: Andrew Blejwas/Oxfam America



<sup>2</sup> Se pa fon pou repons tranblemanntè Ayiti a ki finanse pwogram repons kolera nou an men lòt fon jeneral.

## Repons nou

- Nou gentan founi dlo potab ak sèvis asenisman bay preske 400,000 moun deplase anndan kan yo ki nan Pòtoprens ak kèk zòn ozalantou li tankou Kafou Fèy, Kwadèboukè ak Dèlma epi andeyò kapital la nan Gresye, Ti Gwav, Gran Gwav ak Lewogán
- Menas siklòn nan mwa Dawout lan te pouse Oxfam travay ansanm ak lòt patnè pou bon jan mezi te ka pran pou anpeche inondasyon. Yo te sèvi ak travay manyèl epi ekipman pwa lou pou netwaye kanal yo.
- Chak mwa, nou bay plis pase **300 milyon lit** dlo trete (preske 79 milyon galon) nan kan yo ak lòt zòn kote n ap travay.
- Nou gentan bati **2,500** latrin ak **1,032** douch; se moun yo k ap viv nan kan yo oswa nan kominote yo ki pran swen douch ak latrin sa yo.
- Nou distribye kit ijyèn kite gen ladan yo materyèl ijyèn tankou savon, chanpou, pat, bwòsdan, kotèks ak sevyèt bay plis pase **120,000** moun.
- Pwomosyon liyèn jwe yon wòl enpòtan nan travay nou. Nou rekrite manm nan kominote yo epi nou fòme yo kòm 'mobilizatè' nan kan yo pou yo ka ranfòse mesaj sou lasante ak asenisman.
- Nou travay ansanm avèk responsab minisipal pou jesyon dechè solid la, SMCRS (Service Métropolitain de Collecte des Résidus Solides), pou ede yo amelyore prensip ak kapasite teknik yo. Nou bay **400** fanmi kit "fatra" ki pèmèt yo jete fatra yo nan yon manyè ijyenik; pwogram sa a jwenn yon ranfò nan kanpay popilè ki fèt nan sektè piblik lan.

Oxfam te rekrite moun kap viv nan kan yo pou yo sanble kit ijyèn Oxfam yo. Kit sa yo te gen ladan yo bagay tankou savon, chanpou, pat, bwòsdan, kotèks, ak sevyèt. Moun yo te rekrite yo te jwenn senk san goud chak jou pou yo ransanble 120,000 kit, nan de semèn selman pou distribisyon an te ke fèt bay moun ki te nan bezwen.

Photo: Caroline Gluck/Oxfam



Moun k ap pran dlo nan tiyo Oxfam  
Photo: Toby Adamson/Oxfam



- Nou travay nan tèt kole ak DINEPA (Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman) – ki se responsab ki la pou bay popilasyon an dlo – pou jwenn plis mwayen dirab pou bay dlo potab: nou fè foraj, enstale ponp ak repare rezo dlo yo.

**Pou reponn ak nouvo epidemic kolera a, Oxfam ap asire I ke 500,000 moun ki resevwa sipò nan pwogram repons pou tranblemanntè a tou benefisye nan aktivite prevansyon kolera a. Nou rive touche 700,000 lòt moun nan yon pwogram ki pi vas pou prevansyon maladi a – 365,000 moun nan zòn lwès vil Okap, 125,000 moun nan sant rejyon Latibonit epi 200,000 moun k ap viv nan zòn ki pa gen aktivite repons pou tranblemanntè a nan Pòtoprens. Sa gen ladann aktivite tankou bay dlo potab pou pwoteje lavi moun yo, sewòm oral, sèvis asenisman ak pwomosyon liyèn pou anpeche maladi kolera a gaye. Nou kontinye ap bay jarèt pou kanpay komunikasyon k ap fèt sou bon pratik liyèn epi tou pou siveye nivo sante moun ki nan kan nan Pòtoprens.**

**Raphael Mutiku, ki se direktè pwogram dlo ak asenisman nan Oxfam nan peyi a dekalare:** “Pwogram nou nan Kapital la ap mache. Nou gentan dlo potab, sèvis asenisman ak fòmasyon sou ijyèn. Nou gen 700 anplwaye k ap travay pou anpeche maladi kolera gaye nan peyi. Nou pap kapab chanje pratik ijyèn moun yo nan yon sèl jou men n ap fè tout sa nou kapab pou plis moun ke posib enfòmasyon sou zafè liyèn. Se nan bidonvil nan kapital lan kote moun pat gen chans resevwa èd aprè tranblemanntè an pi fò ka kolera yo ye. Jounen jodia, fòk nou travay ansanm pou asire n ke chak grenn moun nan Pòtoprens jwenn dlo potab ak bon jan enfòmasyon sou bon pratik ijyèn. Se sèlman nan fason sa n ap kapab kwape maladi ki sot nan dlo yo.”

## Etid kèk ka

Mwatye nan popilasyon Ayisyen an pat janm gen yon system pou jere kanal ak dechè men moun nan katye pòv yo te gen fason pa yo pou yo jere zafè twalèt. Anpil te sèvi ak sachè plastik pou yo jete twalèt yo. Pliske Oxfam te wè moun yo te deja abitye ak metòd sa a, li decide mete yon sistèm sou pratik sa a. Li mete ti bokit epi distribye sachè ki ka kachte pou moun te kapab sèvi lakay yo. Lè moun yo te fin sèvi ak sachè yo, yo mete yo nan dwoum plastik ki te plase sou kan an pou sa. Chak jou, yon kamyon te vin pran dwoum sa yo pou l jete sachè yo yon kote andeyò vil lan. Apwòch sa a te anpeche maladi gaye nan kan yo pliske li asire twalèt moun yo jete nan yon manyè responsab.



Andrena Attis ak fanmi li posede yon latrinn nef Oxfam te bay yo apre yon konkou ijyen te fèt nan bouk lan. "nou te vann kèk poul ak yon kabrit pou nou te jwenn kob pou n peye yon moun vinn fouye fòs lan pou nou, kounya nou gen latrinn pa nou," Andrena di. Oxfam gentan bay materyèl pou pèmèt 2,500 latrinn konstwi pou moun kap viv nan kan yo ak lòt kote nan vil lan.

Photo: Chris Hufstader/Oxfam America



Nan senk vil ki nan zòn Ti Gwav ak Gresye, vil ki plase sou bò lwès Pòtoprens, Oxfam te sible fanmi ki te vle rete nan kay oswa toupre yo olye y al rete nan kan byen lwen. Pi fò fanmi sa yo pat gen latrin menm anvan tranblemanntè an. Se pou sa Oxfam chwazi montre moun yo kouman po yo bati ak okipe latrin yo. Fanmi yo te responsab pou yo fouye fòs yo epi Oxfam li menm te bay materyèl yo. Moman latrin lan fin konstwi, fanmi yo resevwa materyèl pou yo netwaye l epi se yo mnem ki te responsab pou yo pwòpte l. Gen 133 latrin ki gentan fini epi nan jou k ap vini yo, 300 fanmi pral genyen latrin pa yo.

## 2. Sekirite alimantè nan moman ijans ak kreyasyon mwayen sibzistans

*Travay Oxfam nan domèn sekirite alimantè ak mwayen sibzistans favorize pwodiksyon lokal la epi ap ranfòse relasyon ant prodiktè ak konsomatè yo. Sa ki pi enpòtan, nou sipòte ti komès ak komès fanm yo pou n ede yo leve kanpe ankò.*

### Defi

De bagay ki te anpeche moun yo reprann vi yo se chomaj ak ensekirite alimantè. Anvan tranblemanntè an, se 21 pousan moun ki te gen yon travay fòmèl. Jodia, se sèlman 8 pousan moun epi kantite moun ki gen komès pa yo bese tou ; li soti nan 65 pousan pou l rive 33 pousan. Anplis, yon evalyasyon oxfam te fè nan mwa Jen montre kantite lajan k ap antre nan katye ki pi pòv yo nan Pòtoprens vin bese.

Guerline Dimanche sevi sos pwa, diri, ak legimm nan kantinn li. Oxfam te pote kole ak machann manje nan Potoprens epi te sible 249 propiyete kantinn nan Kafou Fey avek don lajan pou yo achte manje. Sou kondisyon ke yo tap kwit manje bay 80 nan moun nan kominote yo ki te plis nan bezwen. Yon total 19,920 moun te resewva yon pla cho pou de mwa.

Photo: Peleg Charles/Oxfam



## Repons nou

Nan mwa Desanm 2010 lan, **41,819** kay oswa 209,095 moun gentan benefisye nan pwogram sekirite alimantè ak mwayen sibzistans nou an. Nou ede moun ki soti nan tout nivo ekonomik:

- Oxfam ede machann manje nan tout ra kwen nan kapital la. Anvan 2010 fini, **249** machann manje te angaje pou yo kwit manje bay 80 moun nan kominote yo a ki pi nan bezwen yo (pi fò ladan yo se fanm yo te ye) pandan de mwa. Sa ki fè yon total 19,920 moun te jwenn manje pandan de mwa. -
- Don lajan pou satisfè bezwen de baz yo: 2,936 fanmi te resevwa yon don \$175 pou ede yo achte sa yo bezwen epi ranplase bagay yo te pèdi. Premye etid nou fè montre 87 pousan fanmi ki te benefisye nan pwogram nou te rive fè komès oubyen rekòmanse komès yo te pèdi gras ak èd alimantè ansanm ak tout don lajan yo te resevwa nan men nou. Machann manje yo te resevwa fòmasyon sou zafè jesyon komès ak yon don \$125 pou ede yo fè komès yo epi fou ekonomik pou ede yo ekonomize chabon.
- Lajan-kont-travay (cash-for-work): Nan lide pou ede fanmi ki pi pòv yo epi ki gen moun nan fanmi an ki ka travay, Oxfam mete moun nan pwogram lajan-kont-travay li a (cash-for-work) pou **25,319** jounen travay ki pèmèt yo fè lajan pandan y ap netwaye anviwonman yo. Yo fè travay tankou debleyaj, netwaye kanal ak fouy fòs pou pote dlo lapli ale.
- Don lajan: Oxfam mete sou pye yon pwojè pou bay moun nan kominote yo ki te deja ap fè komès lajan pou ba yo chans pou yo fè kòb oubyen ranplase bagay yo te pèdi nan tranblemanntè an. Pliske Oxfam bay fanm yo priorite, li ba yo lajan pou yo kapab fè komès ak lòt aktivite k ap pèmèt yo fè kòb. Konsa tou, yo jwenn fòmasyon sou jesyon ki pou ede yo jere komès yo. Nou te respekte prensip strik pou nou te rive chwazi moun ki pi nan bezwen yo. Pami moun nou te chwazi yo, te genyen fanm ansent, granmoun ak andikape. Oxfam bay **23,374** fanmi lajan pou yon valè ki soti \$125 rive \$250. Gen lòt evalyasyon k ap fèt, men tout evalyasyon ki gentan fèt montre nou ke moun yo te sèvi avèk lajan yo te resevwa an pou yo ranplase sa yo te pèdi, peye dèt, okipe zafè sante ak lekòl oswa achte bagay yo te bezwen nan kay yo.
- Sipò pou mache ayisyen an: Evlayasyon ki fèt nan mwa Fevriye a montre ke anpil kominote te pèdi pwodwi alimantè yo paske te gen anpil boutik ak makèt nan kominote yo ki te kraze. Oxfam ap bay 210 nan boutik ak makèt sa yo don ak prè pou pèmèt yo reprann aktivite yo nan kominote yo.
- Rebay ti biznis yo jarèt: Yon evalyasyon sou mache travay lan nan mwa Fevriye montre nou kantite moun ki te travay nan mason pat anpil, bagay yo te vin pi mal aprè tranblemanntè an. Oxfam te kreye yon pwogram pou bay **1,441** moun tankou plonbye, ebenis ak mason ki gen metye nan men yo deja lajan pou yo achte zouti pou yo kapab travay nan zafè rekonstriksyon.

### Yon nouvo apwòch nan bay èd alimantè

Oxfam se pyonye yon nouvo fason pou founi èd alimantè. Oxfam te distribye kit manje ki te fèt ak pwodwi lokal sèlman. Kit sa yo te gen ladan yo bagay tankou bannann, diri lokal, mayi, pitimi, yanm, kasav, manba ak patat. Kit sa yo ki te vo 55 dola (pou yon total 550,000 dola) te distribye bay 10,000 kay. Pifò fanmi yo pito resevwa manje yo renmen, kilvatè yo tou te benefisye paske sa te pèmèt yo vann rekòt yo a.

Oxfam te distribye 135 tòn metrik semans, pwa ak sereyal bay 20,000 moun epi 7,000 zouti agrikòl bay 7,000 moun nan rejyon Sant, Sidès ak Latibonit pou ede fanmi k ap travay nan agrikilti.

Marie-Rose Menthor –ki gen yon ti boutik- te di Oxfam kisa li te aprann: Pa gen ti komès ni gwo komès. Tout moun se benefis y ap chechè fè. Mwen te aprann anpil bagay mwen pat konnen anvan fòmasyon Oxfam te bay lan”. Kou Marie Rose ak lòt komèsant yo komanse fè kòb, y ap ka rebati kay yo. Se pou rezon sa Oxfam te konsidere fanm komèsan yo kòm yon priorite.

Photo: Liz Clayton/Oxfam



## 3. Rebati kominote yo

*Nou ka wè efè tranblemanntè sa a te genyen nan kantite moun ki mouri ak kantite kay ki kraze. Oxfam ap travay avèk òganizasyon piblik kou prive ansanm ak òganizasyon entènasyonal epi òganizasyon Ayisyen pou pote yon vizyon teknik kou imanité pou nou ka netwaye epi rekonstwi yon pati nan vil la.*

### Defi

Tranblemanntè an te detwi 105,369 kay epi domaje 208,164 lòt kay ki vin kreye 25 milyon mèt kare dekonb. Tout dekonb sa yo ka plen plizyè kasyon ki kore pachòk kont pachòk sou yon distans ki ka fè mwaye tou planèt la. Touswit aprè tranblemanntè an te fin pase, Oxfam te bay ase prela pou fè abri pou 98,000 moun

Pou kay yo ka rebati, fòk espas yo ta netwaye men vitès y ap retire dekonb yo lan anpil epi se sèlman yon pati nan kay kraze yo ki gentan debleye. Aprè debleyaj la fin fèt, Leta li menm gen anpil travay ki gen rapò ak enfrastrikti pou l fè pou l repare wout yo epi fè travay asenisman ak bati yon rezo jesyon dechè k ap reponn a bezwen vil la.

Yon lòt rezon ki fè moun yo poko vle rantre lakay yo se paske kesyon tè an souvan pa twò klè. San bon jan papye oswa prèv, li difisil pou yon moun fè yon bon jan reklamasyon sou yon moso tè oswa yon pwopriyete. Premye evalyasyon Oxfam te fè te montre ke mwaye moun k ap viv nan kan yo t ap viv nan fèm anvan tranblemanntè an.

Abitan Pòtoprens chèche kote pou yo pase pami dekonb ki nan vil lan jounen ki te 18 Janvyè 2010 lan. Pwopozisyon èd te kontinye ap fèt bay yon Ayiti tranblemanntè te fin ravaje malgre difikilte lojistik te fè li difisil pou èd rive jwenn milye Ayisyen ki t ap soufri.

Tranblemanntè an te kreye preske 20 milyon mèt kib dekonb ki ta dwe deplase. Li t ap pran 1,000 kasyon pa jou pandan 1,000 jou pou debleye lari a. Yon moun ki nan yon pick-up ta oblije fè 8 milyon vwayaj pou deplase kanite dekonb sa a.

Photo: Franz Smetz/EPA

Kindly donated from EPA  
www.epa.eu





## Repons nou

- Plis pase 94,000 moun te benefisye nan pwogramabri Oxfam nan kote nou te bay 12,850 prela, plis pase 1,000 tant, 34,000 kit pou fanmi yo ak 47,000 moustikè.
- Pou jwenn yon solisyon dirab, Oxfam mete sou pye yon pwojè nan Kafou Fèy ki se yon kominote nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ki gen ladann preske 300,000 abitan. Nan kominote sa a, preske 50 pousan kay yo te kraze. Nan tèt kole avèk UN Habitat ak Fondasyon Achitèk nan Ijans, Oxfam, ansanm ak òganizasyon tankou APROSIFA (Asosiyasyon pou Pwomosyon yon Sante Total pou Lafanmi), PEJEFE (Pwogram ankadreman jèn yo), Friendship (Ministè Friendship an Ayiti), CRAD (Sant pou Rechèch ak Aksyon pou Devlopman) epi COZPAM (Platfòm Òganizasyon Kominotè nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan) se aktè ki alatèt rekonstriksyon nan kominote yo a. Pwosesis planifikasyon sa a gentan an mach; li genyen ladan l reprezantan komonite an, reprezantan legliz, dirijan lokal ak lòt gwoup kominotè. Objektif lan se pou n bati yon kominote ki pou tout moun epi yon kominote tout moun fyè de li.
- Oxfam travay ansanm avèk enstitisyon Disaster Waste Recovery (Rekiperasyon dechè ki sot nan dezaz) kòm patnè ki itilize pwa lou epi travayè lokal pou retire dekonb nan Kafou Fèy. Dekonb yo sèvi pou fè fondasyon kay, mi ak miray an gabyon pou kay yo kapab reziste anba glisman teren. Sa pral pèmèt moun nan zòn nan rete nan yon anviwonman ki pi estab epi tou l ap montre moun yo kouman dekonb yo kapab sèvi pou fè kay olye nou jete yo.



Porkey (agoch) ak Elizé (adwat) ap kraze dekonb ki soti nan batiman kote yo kanpe an. Y ap rasanble ranblè pou yo fè beton pou yo sèvi pou fe siman pou konstwi nouvo batiman.

Photo: Toby Adamson/Oxfam

## Etid kèk ka

Li enpòtan pou tout moun patisipe pou rebati kominote yo. Nan Kafou Fèy, youn nan zòn ki te sibi plis domaj yo, Oxfam asire gen de moun nan chak òganizasyon ki site anlè yo resevwa fòmasyon teknik pou pèmèt moun nan kominote an patisipe nan desizyon k ap pran sou rekonstriksyon kominote a.

Moun nan Kafou Fèy te gentan planifye kijan yo vle rekonstriksyon an fèt. Nan plan sa a moun yo ta renmen wè bilding kominotè, yon plas, lekòl, lopital, komisarya, pou fè jesyon fatra. Lè moun yo patisipe nan rekonstriksyon kominote yo sa vinn bay yo espwa epi li fè yo santi yo mèt kominote a. Kounya se kominote an kap asire leta ak ajans imanité yo kontinye koute yo epi kontinye konsidere plan an lè rekonstriksyon an ap fèt.

### Kay ki fèt ak gabyon

Ilene ap travay devan yon lòt estil kay - yon kay enjenyè te fè avèk poto fè pou reziste anba siklòn ak tranblenmantè. Nouvo batiman sa yo ranfòse ak panye solid ki fèt ak fil yo konn itilize pou fè kaj pou zwazo – ki rele gabion ki plen ak dekonb ki sot nan kay ki kraze epi ki kouvri ak blòk ki kraze fen fen.

Non sèlman pwojè sa ap bay plizyè fanmi kay men l ap pèmèt Oxfam montre kouman dekonb kapab sèvi nan zafè konstriksyon. Kay sa yo ekonomik epi ap pèmèt moun yo fè lajan pandan y ap patisipe nan rekonstrikasyon kominote yo.

Mwen pase fil yo konn itilize pou fè kaj pou zwazo yo nan kad ki an metal yo epi mwen plen yo ak dekonb,” se sa Ilene eksplike. “Mwen wè kay sa yo bon anpil”. “Yo pi solid pase sa ki fèt avèk blòk yo. Si yon lòt tranblemanntè ta pase ankò, kay yo ap an sekirite.”

Ilene ansanm avèk kèk lòt moun te patisipe nan desen nouvo kay yo. Yo fè atè a an beton epi mete nan kay la yon kizin, yon veranda- ki enpòtan nan jan de peyi cho sa - ak de pòt pou fè antre soti. Tout bagay sa yo montre vizyon moun nan kominote an genyen pou kay yo.

Ilene ap mare fil nan yon panye plen ak ranblè konsa, lè li chavire li pa dèyè, l ap plen ak ranblè li pral itilize pou fè mi yon nouvo espas kominote a pral itilize pou fè rankont.

Photo: Toby Adamson/Oxfam



## 4. Pledwaye ak kanpay

*Oxfam gen lontan depi l ap bay repons rapid nan monam ijans. Nonsèlman nou travay avek kominote ki viktim yo pou n asire yon bon jan repons ak bon jan rezilta, nou travay di pou n gen yon enfliyans sou lòt òganizasyon ki gen plis pouvwa - tankou Leta, enstitisyon militilateral ak entènasyonal pou yo kapab plas plis èd pou moun ki nan bezwen oswa kanpe sou aktivite ki anpeche moun sa yo jwenn èd. Nou pran angajman tou pou nou asire nou ke moun ki viktim yo ak sipòtè nou yo rete enfòme sou tout sa n ap fè*

### Defi

Anvan tranblemanntè an, Ayiti te youn nan sosyete ki te plis fòs kote: enstitisyon leta yo te plis okipe bezwen boujwazi ak klas mwayèn lan konsa, yve sistèm moun pa sa te fè ke nan bezwen yo pat benefisye anpil sèvis nan men leta ni pat jwenn anpil nan èd kominote entènasyonal la te konn voye pou peyi a.

Pliske Oxfam genyen plis pase 60 lane eksperyans nan zafè dezaz, nou te konnen tranblemanntè an te kapab fè sitiyaasyon peyi a vin pi mal oswa pote yon chanjman pou Ayiti. Tranblemanntè an vin prezante yon okazyon chanjman pou Ayiti, poutèt sa, li te enpòtan pou Oxfam ede pèp Ayisyen an fè leta tandè vwa yo epi pou ankouraje gouvènman an jwenn solisyonppou pwoblèm inegalite ki genyen nan sosyete sa. Jounen jodia a, nou nan yon kafou kote otorite leta yo gen obligasyon pou yo jwenn solisyon pou gwo defi peyi a ap fès fas avèk yo depi lontan paske se yo menm ki pi byen plase pou fè sa, yo dwe montre kapasite yo genyen pou yo pran pran bon jan desizyon pou mete sou pye pwogram pou rekonstriksyon peyi a ki gen pou objektif kreye travay epi bay ankadreman; yo dwe gen yon plan pou ede fanmi ki sanzabri jounen jodia tounen lakay yo epi rekòmanse aktivite yo; san konte, yo dwe sipòte inisyativ ki vle fè pwomosyon investisman nan agrikilti peyi a ak nan biznis.

Avèk sipò kominote entènasyonal la, leta dwe envesti nan sèvis piblik tankou bay dlo, fè wout ak kreye travay. Aktivite sa yo ansanm ak don lajan bay moun ki pi viktim yo pral ede moun yo epi kreye travay. Se zafè travay lan ki pi enpòtan pou pèp Ayisyen an, moun nan kan yo konte pami moun sa yo tou.

## Repons nou

Oxfam fè kanpay pou asire ke tout moun tande vwa pòv ak moun yo mete sou kote yo epi ke tout lane eksperyans nou genyen depi n ap travay nan peyi an ede bay bon jan fòm a tout desizyon k ap afekte pèp lan. Men kèk egzanp bagay nou gentan fè:

- Aprè nou te fin aprann ke mèt tè yo t ap fòse moun nan kan yo chèche lòt kote pou yo ale, Oxfam te kouri fè kominote imanite an avèk gouvènman an konnen sa nan bay bon jan chif sou kantite kote aksyon sa a t ap fèt epi negosye ak mèt tè yo pou moun yo ka fè yon ti rete pou pi lontan sou tè yo.
- Nan tèt kole lòt òganizasyon, Oxfam te sèvi pòt vwa pou fè Nasyonzini, Etazini, ak Kanada tande vwa pèp ayisyen an nan konferans menm jan ak vwa reprezantan leta yo.
- Lè bri te komanse ap kouri sou moun yo t ap pral deplase nan kan yo pou al mete yo nan yon lòt sit, Oxfam, ansanm ak lòt ONG, te chèche mete mwayen kominikasyon pou abitan kan yo pou asire ke moun yo te jwenn chans bay opinyon yo sou krent yo epi pou asire ke moun yo te jwenn tout enfòmasyon sou kijan mouvman sa a ta pral fèt .
- Oxfam te jwenn bon rezilta nan pale avèk donatè ki te nan yon konferans sou rekonstriksyon nan mwa Janvye ak Mas. Tout bagay Oxfam te di donatè yo te chita sou yon ankèt ki te fèt konsènan opinyon piblik lan avèk yon rapò konsekan ki te fèt ak patisipasyon popilasyon ayisyèn lan. Anpil nan pwopozisyon pou rekonstriksyon ki te fèt yo te baze sou rapò Oxfam lan epi sondaj ki te fèt pou konnen opinyon piblik lan te yon sondaj san parèy. Sondaj sa a te pèmèt souliyen sa ki pi enpòtan pou pèp Ayisyen an - ledikasyon, travay ak lojman.
- Nan mwa Oktòb 2010 lan, Oxfam te pwodwi yon rapò ki te rele 'Ann Plante Kounya: Defi ak Okazyon pou Rekonstriksyon Peyi Dayiti.' Rapò sa a te souliyen fason leta kapab amelyore plan nasyonal rekonstriksyon li an. Plan an ta dwe mete fanm yo kòm poto mitan akòz yo pwodwi anpil epi yo konn fè komès. Plan sa ta dwe bay kiltivatè andeyò yo menm enpòtans lan paske se sou yo ekonomi pou zòn andeyò nan peyi a chita. Oxfam mande tout donatè ak gouvènman lòt peyi pou yo envesti nan plan an kòm estrateji pou redwi lamizè epi amelyore politik komès ki kenbe peyi a kote l ye a.
- Aprè Oxfam ak anpil lòt òganizasyon te travay ansanm pou yo fè kanpay, IMF te anonse nan jou ki te 21 Jiyè 2010 lan l ap anile dèt Ayiti te genyen ki te gentan monte preske 268 milyon dola epi li apwouve yon prè pou twazan pou ranfòse rekonstriksyon peyi an.

## 5. Finans


Oxfam ranmase preske 98 milyon dola pou pwogram repons tranblemanntè an k ap dire twazan. Nou poko resevwa tout lajan an paske lajan an ap bay pa plizyè tranch. Distans pou 2010 fini, Oxfam ap gentan depanse preske 68 milyon. Nan lòt de lane ki rete yo, nou pral depanse 30 milyon dola ki rete an pou n ede viktim yo rebati vi yo ak sa yo te konn fè kòm aktivite ekonomik.<sup>3</sup>

### Sous finansman

Se apèl chak afilye nou yo te fè bay piblik lan ki te pèmèt nou jwenn pi gwo kantite lajan. Se konsa nou te rivejwenn plis pase 50 milyon dola nan men sipòtè ak donatè nan lemonn antye. Fon SHO Olandè an ak DEC (komite dezaz nan ijans) te ede nou jwenn yon lòt 38 milyon dola nan men piblik lan.

Nèf (9) milyon ki te rete an te soti nan men gouvènman ak lòt ajans tankou ECHO (Biwo Komisyon Imanitè Ewopeyèn) ak gouvènman Espay, Bèljik, Flaman, Ekòs ak Kebèk. Konsa tou, nou jwenn fon nan men AusAID, CIDA (Ajans Kanadyen pou Devloman Entènasyonal) epi DIFID (Depatman pou Devlopman Entènasyonal Wayòm Ini).

Apa 10% lajan lòt gouvènman ak donatè te bay, rès lajan ki nan pwogram ijans Oxfam lan soti nan don piblik lan te bay ak tout kè yo.



3. Tablo nou yo baze sou chif ki valid nan moman n ap ekri rapò sila mete sou estimasyon nou fè pou distans rive anivèsè premye ane aprè tranbleman an.

**Sous finansman pou pwogram repons tranblemanntè Oxfam lan**

Source	Total received (\$)
Oxfam America	22,694,381
UK DEC (komite ijans ak dezas)	19,388,244
SHO (gwoup ajans ki pi enpòtan nan Lawolann)	18,750,000
Oxfam GB	8,085,435
Oxfam Intermón	6,198,433
Oxfam Québec	3,023,390
Other Oxfam affiliates	10,259,316
Lòt Gouvènman ak lòt òganizasyon	9,403,328
<b>Total</b>	<b>97,802,527</b>

**Kouman Lajan An te Depanse**

Nan premye ane an, Oxfam depanse **19.5 milyon dola** nan sa li te konsidere kòm pi gwo priyorite l: bay materyèl sekou, dlo, asenisman epi fè aktivite pwomosyon liyèn. Yon lòt 11 milyon te depanse nan ede moun yo reprann aktivite ekonomik yo epi jwenn sekirite alimantè. Plis pase **5 milyon** te depanse pou bay mounabri pwovizwa ak lòt materyèl ankò.

Gen **8 milyon** ki te depanse nan lojistik epi pou asire materyèl te achte, transpòte epi konsève yo nan yon depo anvan yo distribye. Preske **10 milyon** te depanse pou n peye anplwaye. Plis pase 90 pousan anplwaye Oxfam se Ayisyen; gen ekspatriye ki soti nan tout peyi pou vin ba yo jarèt, nan ba yo sèvis teknik epi ede yo nan jesyon pwogram imanitè a.

Yon lòt **6.5 milyon** te depanse nan machin, kay ak espas pou biwo. Tout bagay sa yo te nesèsè pou asire tout operasyon nou te mache byen sitou nan kantite tan nou te gen devan nou an. Yon lòt 3 milyon te depanse pou lòt aktivite tankou rediksyon risk ak dezas, pledwaye, kanpay ak aktivite medya.

Finalman, **4 milyon** – 7 pousan nan bidjè an – te depanse nan sipò pou direksyon an, sipò andeyò, sipèvizyon, evalyasyon ak rapò pwogram nou bezwen bay nan kondisyon sa yo.

Pwogram repons sou tranblemanntè Oxfam lan pral kontinye pou dezan – l ap sèvi avèk fon li te resevwa nan men donatè jenere l yo pou l kontinye pwosesis rekonstriksyon nan peyi Dayiti.

## 6. Kijan nou wè lavni

### Kisa ki rete pou n fè

*Fòk òganizasyon entènasyonal yo ak lòt gouvènman donatè yo travay tèt kole ak otorite ayisyèn yo pou ranfòse patisipasyon nasyonal nan nouvo pwosesis rekonstriksyon an epi travay pou amelyore pèfòmans ministè yo. Fòk nou tout aprann koute ak ankouraje jefò plizyè milyon Ayisyen ap fè, moun k ap lite chak jou pou bay ni yo menm ni pitit yo yon lavi miyò.*

Vizyon Oxfam pou dezan k ap vini yo se pou nou wè travay nou an ap fè yon kontribisyon enpòtan pou amelyore lavi pèp Ayisyen an, sitou moun ki te viktim nan tranblemanntè an.

Emmanuella Joanna Raymond ki kanpe nan pòt boutik li, te resevwa yon fòmasyon sou zafè jesyon nan men Oxfam. Li di l te renmen fòmasyon an epi si l te gen chans jwenn fòmasyon sa a anvan tranblemanntè an, kòmes li t ap pi gwo. Li di l aprann fòk li jere lajan k ap antre ansanm ak lajan k ap soti.

Photo: Toby Adamson/Oxfam



Kiltivatè yo k ap benefisye yon distribisyon semans nan Desvareux jounen ki te 11 Me 2010 lan. Pifò fanmi an pwovens yo santi yo gen gwo chay lè yo oblije okipe lòt fanmi ak zanmi ki soti Pòtoprens aprè tranblemanntè an. Moun yo bezwen semans sa yo anpil piske pifò moun yo gentan sèvi avèk semans yo t ap sere pou yo plante ane pwochèn lan.

Photo: Ami Vitale/Oxfam



N ap kontinye bati bon jan relasyon avèk asosye lokal yo, sosyete sivil lan, otorite lokal yo ak kominote yo pou n kapab:

- Kontinye konsantre travay nou sou moun ki plis nan bezwen yo tankou fanm, ti fi, granmoun ak andikape yo;
- Sispann distribye kamyon dlo pou nou travay pito avèk leta pou n jwenn solisyon dirab k ap pèmèt kominote yo jwenn dlo, asenisman ak sèvis ijyèn.
- Envesti nan ti biznis ki fèk kòmanse oubyen k ap rekòmanse pou fè lajan rantre nan ekonomi peyi an epi kreye travay.
- Etabli yon sant resous iben pou fè fòmasyon epi pataje enfòmasyon sou rekonstriksyon an. Sant lan ap la pou l ankouraje inovasyon nan rekonstriksyon kay yo ak kominote yo;
- Ankouraje lyen ant ti pwodiktè agrikòl, mache lokal ak konsomatè yo pou ogmante aksè manje epi bay pwodiktè yo jarèt;
- Ankouraje ak sipòte pratik agrikilti ki pi solid ak teknoloji k ap pwoteje anviwonman an;
- Ede moun yo adapte yo avèk chanjman klima an epi redwi risk dezas natirèl yo;
- Ankouraje sitwanyente ak patisipasyon sosyete sivil lan nan pwosesis rekonstriksyon an.

Pandan ke Oxfam ap reyalize pwogram rekonstriksyon li nan dezan k ap vini yo, n ap kontinye fè pledwaye pou yon estrateji rekonstriksyon an Ayiti ki jis epi dirab. Se Leta ki dwe travay pou sa ak patisipasyon sosyete sivil lan tankou dirijan kominotè ak dirijan legliz, ONG lokal ak entènasyonal yo.



© Oxfam International January 2011

This paper was written by Elspeth Clayton and Lucy Davies. Oxfam acknowledges the assistance of Richard Atkinson, Lourdes Benavides de la Vega, Andrew Davies, Yonel Delmas, Anne Edgerton, Esther Guillaume, Lina Holguin, Sophie Martin-Simpson, Trust Nkomo, Sandrine Robert, and Philippa Young, and of Abigail Humphries Robertson in its production.

This publication is copyright but the text may be used free of charge for the purposes of advocacy, campaigning, education, and research, provided that the source is acknowledged in full. The copyright holder requests that all such use be registered with them for impact assessment purposes. For copying in any other circumstances, or for re-use in other publications, or for translation or adaptation, permission must be secured and a fee may be charged. E-mail [publish@oxfam.org.uk](mailto:publish@oxfam.org.uk).

For further information on the issues raised in this paper please e-mail [information@oxfaminternational.org](mailto:information@oxfaminternational.org)

The information in this publication is correct at the time of going to press.

Published by Oxfam GB for Oxfam International under ISBN 978-1-84814-799-7 in January 2011. Oxfam GB, Oxfam House, John Smith Drive, Cowley, Oxford, OX4 2JY, UK.

**Oxfam is an international confederation of fourteen organizations working together in 99 countries to find lasting solutions to poverty and injustice:**

Oxfam America ([www.oxfamamerica.org](http://www.oxfamamerica.org)),  
Oxfam Australia ([www.oxfam.org.au](http://www.oxfam.org.au)),  
Oxfam-in-Belgium ([www.oxfamsol.be](http://www.oxfamsol.be)),  
Oxfam Canada ([www.oxfam.ca](http://www.oxfam.ca)),  
Oxfam France ([www.oxfamfrance.org](http://www.oxfamfrance.org)),  
Oxfam Germany ([www.oxfam.de](http://www.oxfam.de)),  
Oxfam GB ([www.oxfam.org.uk](http://www.oxfam.org.uk)),  
Oxfam Hong Kong ([www.oxfam.org.hk](http://www.oxfam.org.hk)),  
Intermón Oxfam ([www.intermonoxfam.org](http://www.intermonoxfam.org)),  
Oxfam Ireland ([www.oxfamireland.org](http://www.oxfamireland.org)),  
Oxfam Mexico ([www.oxfammexico.org](http://www.oxfammexico.org)),  
Oxfam New Zealand ([www.oxfam.org.nz](http://www.oxfam.org.nz)),  
Oxfam Novib ([www.oxfamnovib.nl](http://www.oxfamnovib.nl)),  
Oxfam Québec ([www.oxfam.qc.ca](http://www.oxfam.qc.ca)).

**The following organizations are currently observer members of Oxfam, working towards full affiliation:**

Oxfam India ([www.oxfamindia.org](http://www.oxfamindia.org)),  
Oxfam Japan ([www.oxfam.jp](http://www.oxfam.jp)),  
Oxfam Italy ([www.oxfamitalia.org](http://www.oxfamitalia.org)).

Please write to any of the agencies for further information, or visit [www.oxfam.org](http://www.oxfam.org).

Oxfam GB is a member of Oxfam International.  
Registered charity in England and Wales No 202918 and Scotland SC039042